


# VAKSEN KONT COVID-19

## VAKSEN SE YOUN NAN ZOUTI NOU GENYEN POU KONBAT PANDEMI COVID-19 LA.



Pou rete pandemi sa a, nou bezwen sèvi ak tout zouti prevansyon nou yo. Vaksen se youn nan zouti ki pi efikas pou pwoteje sante ou ak anpeche maladi. Vaksen yo travay avèk defans natirèl kò ou pou kò ou pare pou konbat virus la, si ou ekspose (yo rele sa tou iminite). Lòt mezi, tankou mete yon mask ki kouvri nen ou ak bouch ou epi rete omwen 6 pye distans lòt moun ki pap viv avèk ou, ede tou rete pwopagasyon COVID-19 la.

Etid yo montre ke vaksen kont COVID-19 yo trè efikas pou anpeche ou pran COVID-19. Ekspè yo panse tou, pran yon vaksen kont COVID-19 ka ede anpeche w malad grav menm si ou atrape COVID-19. Vaksen sa yo pa ka ba ou maladi a li menm.




**Vaksen yo san danje.** Sistèm sekirite vaksen Ameriken an asire ke tout vaksen yo osi an sekirite ke posib. Tout vaksen kont COVID-19 ke yo te itilize yo te pase menm tès sekirite yo epi yo satisfè menm nòm yo ak nenpòt lòt vaksen ki te pwodui nan ane sa yo. Gen yon sistèm an plas nan tout peyi a ki pèmèt CDC siveye pwoblèm sekirite epi asire ke vaksen yo rete san danje.




**Diferan kalite vaksen kont COVID-19 yo va disponib.** Piò nan vaksen sa yo yo bay an 2 dòz, youn alafwa ak nan moman separé. Premye dòz la pare kò ou. Yo bay dezyèm dòz la omwen twa semèn apre pou asire ke ou gen pwoteksyon konplè. Si yo di w ou bezwen 2 dòz, asire w ke ou pran tou 2. Vaksen yo ka travay nan yon ti kras diferan, men tout kalite vaksen yo ap ede pwoteje ou.

# VAKSEN KONT COVID-19



Vaksen yo ka lakòz efè segondè pou kèk moun, doulè miskilè, fatig, oswa lafyèv mwayen. Reyaksyon sa yo vle di vaksen an ap travay pou ede anseye kò ou kijan pou li konbat COVID-19 si ou ekspoze. Pou pifò moun, efè segondè sa yo pap dire plis pase yon jou oswa de jou. **Efè segondè sa yo PA vle di ke ou gen COVID-19.** Si ou gen kesyon sou sante ou apre vaksen ou, rele doktè ou, enfimyè, oswa klinik ou. Menm jan ak nenpòt medikaman, li ra men posib pou gen yon reyaksyon grav, tankou pa kapab respire. Li pa fasil pou sa rive, men si sa fèt, rele 911 oswa ale nan sal dijans ki pi pre a.



**Menm apre ou fin pran vaksen ou,** ou, ou pral bezwen mete yon mask ki kouvri nen ou ak bouch ou, lave men ou souvan, epi rete omwen 6 pye distans lòt moun ki pap viv avèk ou. Sa ba ou ak lòt moun meyè pwoteksyon pou pa pran viris la. Kounye a, ekspè yo pa konnen pou konbyen tan vaksen an ap pwoteje ou, kidonk se yon bon lide pou kontinye swiv direktiv ki soti nan CDC ak depatman sante ou. **ante ou. Nou konnen tou se pa tout moun ki va kapab pran vaksen tousuit, kidonk li toujou enpòtan pou pwoteje tèt ou ak lòt moun.**